

## Kijan M Ka ede Lèt Mwen Koule Pandan M ap Ponpe?

- Bay tete w masaj anvan/pandan itilizasyon ponp lan
- Pran yon douch tyèd oswa mete yon konprès tyèd sou tete a anvan w ponpe
- Tire alamen apre w fin itilize ponp lan pou vide tete a konplètman
  - Lèt nan finisman ponpaj la rele lèt dèyè, ki gen plis grès pou ede tibebe a grandi
- Ponpe bò kabann tibebe w la, si sa posib
- Jwenn fason pou detann ak distrè w pandan w ap ponpe

Ou ka ponpe bò kabann tibebe w la oswa nan sal ponpaj NICU nou an ki dedye pou sa - kèlkeswa kote ou pi alèz la. Sonje fò w konsistan lè w ap ponpe, espesyalman nan de premye semèn yo.

Fè lèt pou tibebe w la boule anpil kalori — mande enfimye tibebe w la konsènan repa bay tete gratis ou ke yo ka pote nan NICU a.

## Stokaj Lèt Tete pou Tibebe Ki Entènè Lopital

Metòd pou Stoke	Eta Lèt	Tan Rekòmande pou Stokaj
<b>Tanperati cho</b> (20°C-25°C, 68°F-77°F)	Fèk ponpe sou kontwa	<4 èdtan
<b>Frijidè</b> (≤4°C, ≤39°F)	Fre	48 èdtan
<b>Frijidè</b> (≤4°C, ≤39°F)	Defriz (pa janm remete nan frizè lèt tete yon fwa li te defriz)	24 èdtan
<b>Frizè</b> Inite kay konbine avèk frijidè (<-18°C, <0°F)	Jele	3-6 Mwa
<b>Frizè</b> Frizè byomedikal oswa köf (≤-20 ° C, ≤-4 ° F)	Jele	6-12 Mwa


Telefòn pou JDCH Lactation: 954-265-7867

## Yon Gout nan yon Bon Bagay

Bay tete kòmnanse ak gout kolostwòm - epi chak gout konte!

Lèt tete w toujou ap chanje pou satisfè bezwen tibebe w la. Lè ou bay tibebe w la lèt tete, ou ba li pi bon medikaman ke oumenm sèlman ka ofri.

Men kèk nan eleman ki ka prezan nan yon gout lèt tete w:



Rechèch montre ke lèt tete bay yon pwoteksyon enpòtan pou tibebe w la. Li ka redui tou dire nan lopital ak risk pou konplikasyon komen.

## Lokasyon Ponp Tete

Si w enterese nan lwe oswa achte yon ponp tete, ekip laktasyon NICU nou an ka ede w konekte ak famasi lokal yo. Pifò gwo asirans yo kouvri frè pou yon nouvo ponp tete.

### Famasi pou Pasyan Ekstèn nan Memorial

1150 N 35th Avenue, Suite 105 (koulwa)  
Hollywood, FL 33021 | 954-265-5907

[Ameda.com](http://Ameda.com) | [Medela.com](http://Medela.com)

*Remak: Joe DiMaggio Children's Hospital pa andose okenn pwodui oswa detayan patikilye. Sa a pa fèt pou sèvi kòm yon rekòmandasyon de Joe DiMaggio Children's Hospital, ni se pa yon lis enklizif.*



1005 Joe DiMaggio Dr.  
Hollywood, FL 33021

HC (1-22)



**Joe DiMaggio  
Children's Hospital**

## Sipò pou Laktasyon Lè W Pi Bezwen Li


Nan Wasie NICU nan Joe DiMaggio Children's Hospital, ekip laktasyon nou an konnen ke bay tete pandan tibebe w la nan NICU a kapab yon bagay ki akablan. Nou la pou nou ofri konsèy ak sipò ki pou ede oumenm ak tibebe w la gen pi bon demaraj posib.

Apre nesans tibebe w la, enfimye NICU nou yo ki resevwa fòmasyon nan laktasyon ak ekip Konsiltan Laktasyon ki Sètifye nan Konsèy Entènasyonnal (IBCLC) pral ede w ponpe oswa tire alamen lèt nan tete w. Menm kèk gout kolostwòm (lèt tete ki pwodui pandan premye jou yo apre akouchman) gen nitrisyon esansyèl prekòs pou ti pitit ou a.

## Kijan Pou M Itilize Ponp Tete a?

- Toujou lave men w anvan w kòmnanse
- **Tan:** Ponpe 8 a 10 fwa nan 24 èdtan. Nou rekòmande:
  - Chak 2-3 èdtan ki enkli lannwit
  - Ponpe san manke - menm lannwit - enpòtan pou kenbe yon bon rezèv lèt
  - Ponpe pou 15 a 20 minit oswa jiskaske lèt la sispann koule
- **Aspirasyon:** kòmnanse nan 25% epi ogmante jiskaske ou rive nan pi wo nivo ki konfòtab pou ou. Sonje ke ponpe pa ta dwe fè mal epi chak manman pral gen yon nivo konfò ki diferan.
- **Vitès:** kòmnanse nan reglaj ki pi rapid la (80 cpm) epi ajiste nan koule lèt la.
  - Lè lèt la kòmnanse koule (oswa "lage desann") oswa apre de minit, ralanti vitès la jiska 60 sik pou chak minit (cpm).

## Benefis Lèt Tete



Lèt tete gen pi bon eleman nitritif pou tibebe w la, tankou:

- Vitamin
- Mineral
- Pwoteyin
- Antibòdi
- Asid Gra esansyèl
- Anpil lòt eleman enpòtan pou devlopman

Lèt tete w toujou ap kontinye chanje pou satisfè bezwen tibebe w la. Lèt tete kapab redui tou kèk risk prematirite tankou displazi bwonkopilmonè (maladi nan poumon kwonik) ak entewokolitis nekrotizan (maladi gastroentestinal).

### Bay tete ki pa nitritif

Tibebe w la pare pou li tete lè:

- Tibebe debwouye li byen ak swen po a po
- Batman kè ak respirasyon yo vin fò epi regilye
- Tibebe w la pa bezwen asistans pou l respire

Anvan bay tete ki pa nitritif, li enpòtan pou sonje ponpe tete w yo. Souse ki pa nitritif ekselan pou fè pandan manje nan tib.

### Bay tete nitritif

Tibebe w la pare pou tete lè:

- Tibebe a aktif, alèt epi li ka kowòdone konpetans souse yo
- Tibebe a pa gen pwoblèm pou respire epi li pa bezwen sipò respiratwa adisyonèl

Aprè bay tete nitritif la, li enpòtan pou ponpe pou ogmante rezèv lèt ou. Enfimye tibebe w la pral peze tibebe a anvan ak apre chak sesyon manje pou mezire kantite lèt tibebe a konsome.



## Swen Po a Po

Nou konnen w ap antisipe kenbe tibebe w la pre w. Osito ke tibebe w la pare, nou pral ede w lokalize pou swen po a po - ke yo rele tou swen kangouwou.

Po a po se yon pati esansyèl nan kwasans ak devlopman tibebe w la. Moman espesyal sa a ka ede tibebe w la:

- Kalme li
- Amelyore respirasyon
- Ogmante priz pwa
- Regle tanperati
- Ralanti batman kè

Swen po a po se yon fason majik pou fè lyezon ak tibebe w la - epi li kapab tou ranfòse rezèv lèt tete w. Ekíp laktasyon nou an sijere nouvo manman yo ponpe imedyatman apre sesyon po-a-po ou a pou maksimize pwolaktin (òmòn ki fè lèt).

## Sipò Pou Bay Tete Lakay ou

Lè tibebe w la egzeye nan NICU a, woutin bay tete ou ka rankontre kèk ralantisman pandan w ap ajiste ak lavi lakay ou ak tibebe w la Pa enkyete w - se yon bagay ki konplètman nòma!

Ekíp laktasyon NICU nou an la pou ede sipòte tranzisyon pou ale lakay ou. Rele nou si w gen nenpòt kesyon, enkyetid oswa pou planifye yon konsiltasyon TeleHealth. Konsiltan laktasyon Panyòl disponib atravè sèvis entèprèt.

Wasle NICU nan Depatman Laktasyon Joe DiMaggio Children's Hospital	954-265-7867
Depatman Laktasyon Memorial Regional Hospital (MRH)	954-265-4078
Depatman Laktasyon Memorial Hospital West (MHW)	954-844-9908
Depatman Laktasyon Memorial Hospital Miramar (MHM)	954-538-5181

## Resous NICU pou Bay Tete

Konte Broward ak Dade bay sèvis sipò itil nan bay tete a kominote a, tankou:

Breastfeedingonline.com	
Broward County WIC Breastfeeding	953-467-4511
Dade County WIC Breastfeeding	786-336-1336
Español	Lacted.com
Healthy Start nan Broward County (manman yo ki fè pitit premye fwa)	954-563-7583
Kelly Mom Parenting and Breastfeeding	kellymom.com
La Leche League of Florida	llflorida.com
Newborns.Stanford.edu/breastfeeding	
Yomingo app	PumpLog
Workandpump.com	